

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Lokasi jeung Subjek Panalungtikan

##### 3.1.1. Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan ditangtukeun ngaliwatan tinimbang kudu aya di daérah Jawa Barat jeung maké basa Sunda salaku basa indungna tinimbang séjén nyaéta tempat anu teu jauh sangkan aksés pikeun nyokot data henteu hésé. Ku kituna, panalungtik milih Garut salaku lokasi panalungtikan. *Sampel* anu dipikabutuh nyaéta budak umur 4-5 taun -budak umur sakitu kagolong kana umur PAUD/TK-, miboga kamapuh mimiti, jeung maké basa Sunda. Panalungtik ngaheureutkeun deui lokasi panalungtikan ka TK. TK anu dicokot nyaéta TK Aisyiyah anu geus sawatara lila panalungtik milu ilubiung kana administrasina.

##### 3.1.2. Subjek Panalungtikan

Subjek panalungtikan nyoko kana bahan-bahan nu ditalungtik. Populasina nyaéta wilayah generalisasi anu ngawengku subjek anu miboga kualitas jeung kriteria anu tangtu nu geus ditangtukeun ku panalungtik pikeun diteuleuman jeung dicidekeun (Sugiono, 2008, kc. 117). *Sampel* nyaéta bagian tina jumlah jeung karakteristik anu dipimilik ku éta populasi (Sugiono, 2008, kc. 118).

Ieu panalungtikan sumber datana nyaéta tina *sampel* primer anu mangrupa hasil dokumentasi (rekaman) di TK Aisyiyah Bustanul Athfal Ranting Leuwidaun. *Sampel*-na nyaéta barudak kelompok A anu umurna 4-5 taun. Kalayan kriteria ditilik tina umur, wanda jinis, basa mimiti, jeung status sosial. Ku kituna, ditangtukeun genep urang sumber data tilu awewe jeung tilu lalaki.

#### 3.2. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta babagian ieu panalungtikan anu kabagi sababaraha tahap studi pustaka anu fungsina pikeun ngumpulkeun tiori-tiori anu

bisa ngeuyeuban tatapakan ieu panalungtikan, anu satuluyna tahap ngumpulkeun data dina ieu tahap panalungtik ngalakukeun sababaraha kagiatan ngawawancara jeung ngarekam omongan barudak pikeun bahan ngolah data. Dina tahap ngolah data panalungtik nyusun data hasil tina wawancara jeung rekaman anu geus dikumpulkeun téa, dina ieu prosés olah data luyu jeung tatapakan tiori anu geus dikumpulkeun sangkan jadi hiji laporan skripsi anu bisa ditarima.




Diagram 3.1 Désain Panalungtikan

### 3.3. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara ilmiah anu dipaké pikeun meunangkeun data panalungtikan kalayan tujuan jeung kagunaan anu tangtu. Dina ieu panalungtikan Méthode anu baris dipaké nyaéta Méthode déskriptif mangrupa Méthode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan déskriptif pikeun ngagambarkeun kajadian anu aya. Panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan anu méré penjelasan kana *gejala sosial* anu ditalungtik ku cara ngadéskripsikeun ngeunaan nilai variabel dumasar indikator anu ditalungtik, tapi henteu nyieun hubungan jeung babandingan kana variabel séjén.

Ieu panalungtikan udaganna pikeun ngaguar kandaga kecap anu mampuh dicangking ku budak umur 4-5 taun di TK Aisyiyah Bustanul Athfal, nu dianalisis dumasar panyangreb fonologi jeung morfologina.

### 3.4. Definisi Operasional

Kamampuh basa mangrupa pangaweruh hiji jalma ngeunaan basa. Tangtuna bisa katingali saupama aya dina komunikasi, kamampuh basana bakal katingali dina paguneman anu luyu kana fungsi jeung situasi. Ku kituna, unggal jalma kudu miboga kamampuh ngabédakeun kalimah anu merenah jeung kalimah anu kurang merenah. Ogé miboga kamampuh pikeun nyusun basa anu luyu jeung kaayaan, anu satuluyna ditepikeun ngaliwatan paripolah jeung kaayaan. Salian ti éta unggal jalma ogé kudu bisa maham atawa mikaharti kana omongan.

- a. Kamampuh ngawasa kandaga kecap nyaéta kabisa hiji individu dina maké, nerapkeun jeung mikaharti kana basa pikeun komunikasi. Hiji individu dianggap mampuh kana basa saupama bisa nerapkeun basa dina konteks/kaayaan anu luyu jeung naon anu ditepikeun, bisa ngama'naan naon anu ditepikeun ku panyatur, ogé bisa ngaréspon kana omongan panyatur. Éta mangrupa indikator tina kamampuh individu kana basa anu dicangkingna.
- b. TK kagolong kana Pendidikan Anak Usia Dini (PAUD) anu mangrupa lembaga formal mimiti anu aya dina kamekaran budak. Ieu lembaga dihususkeun keur budak ti umur 4-6 taun tur diatur ku UU Sisdiknas no.20 tahun 2003, Bab 1 pasal 1 butir 14 anu eusina:

*“Pendidikan anak usia dini ditujukan kepada anak sejak lahir sampai usia 6 tahun melalui rangsangan pendidikan untuk membantu pertumbuhan dan perkembangan jasmani dan psikologis agar anak memiliki persiapan dalam memasuki pendidikan lebih lanjut.”*

Tina eusi aturan diluhur tumuwuhna kamekaran jasmani jeung psikologis dina pangajaran sapopoéna dibagi sawatara dapuran kamekaran anu aya dina pangajaran TK. Éta kamekaran ngawengku kamekaran pangajén agama jeung moral, kamekaran sosial, kamekaran émosi, kamekaran *kemandirian*, kamekaran basa kabagi sababaraha aspék narima basa, népikeun jeung kaaksaraan. Sedengkeun dina kamekaran kognitif kabagi sababaraha konsép, konsép wangun, warna ukuran jeung pola. Kamekaran fisik dina pangajaran TK kabagi tilu aya motorik *kasar*, motorik *halus*, jeung kasehatan fisik.

### **3.5. Instrumen Panalungtikan**

Aya dua istrumen anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta daptar kecap anu jadi pedoman nalika ngumpulkeun data jeung kartu data anu fungsina keur ngagampangkeun nalika ngolah data.

#### **3.5.1. Daftar Kecap**

Instrumen mangrupahiji alat anu dipaké pikeun ngukur kaayaan *fenomena* alam atawa sosial anu ditalungtik Sugiono (2008, kc. 148). Tujuanana nyaéta pikeun nyokot data kandaga kecap anu dipikabutuh pikeun panalungtikan. Ieu instrumen ngawengku 149 kecap, anu digolongkeun kana genep dapuran kalayan wincikan: (1) 12 kecap istilah pancakaki, (2) 44 ngaran babagian awak, (3) 12 kecap kecap gaganti jalma (suluh), (4) 12 kecap wilangan utama, (5) 33 kecap pagawéan utama, jeung (6) 36 kecap kaayaan utama/Sipat. Ilikan tabél 3.1

### 3.5.2. Kartu Data

<b>KARTU DATA</b>	
mastaka (Nrl/6/56)	
Golongan basa: Basa Sunda	
Kasampurnaan omongan: Sampurna	
Ragam basa: Hormat ka batur	
Dapurane kecap: Kecap sipat atawa kaayaan (warna)	

Keur ngagampangkeun nalika ngolah data unggal data diberé kodeu. Aya tilu kodeu anu daya dina unggal data (1) ngaran budak TK, (2) runtuyan budak TK, jeung (3) runtuyan kecap.

### 3.6. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu kudu dilaksanakeun dina panalungtikan, sabab tujuan utama panalungtikan nyaéta nhasilkeun data. Lamun panalungtikan teu apal téhnik ngumpulkeun data, tangtu moal bisa nhasilkeun data standar nu geus ditangtukeun. Ditilik tina carana, téhnik ngumpulkeun data bisa dilaksanakeun ngaliwatan: (1) téhnik observasi, (2) *interview*/wawancara, (3) *questioner*/angket, (4) dokumentasi, jeung (5) gabungan opatannana Sugiono (2008, kc. 309). Ari téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

#### a. Tehnik Observasi Pratisipasi Pasip

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tehnik observasi partisipasi pasif. Hartina panalungtik datang ka tempat kagiatan budak (sakola), ngan panalungtik henteu ilubiung kana éta kagiatan. Ieu téhnik dipaké pikeun mikanyaho kumaha nerapkeunna (performansi) basa budak dina kahirupanna.

b. Tehnik Wawancara

Tehnik wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tehnik wawancara teu nyetruktur. Wawancara henteu nyetruktur nyaéta wawancara anu teu kauger (bebas) panalungtik henteu nyekelan cecekelan (pedoman) wawancara anu geus disarungsum sacara sistematis jeung lengkep keur ngumpulkeun datana Sugiono (2008, kc. 197). Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data anu mangrupa kecap anu bisa diomongkeun ku budak, sangkan mikanyaho kumaha cara budak ngomong kecap basa Sunda. Ieu cara wawancara di lapangan panalungtik menta tulung ka guru kelasna pikeun ngawawancara budak. Sabab panalungtik dianggap asing ku budak anu ngabalukarkeun budak embung nyarita. Cara ieu ogé dipaké ka guru jeng kolot siswa sangkan mikanyaho kumaha kamampuh basa Sunda budak diimah jeung di sakola.

c. Téhnik sadap

Téhnik sadap henteu beda jauh jeung téhnik rékam, cara ngalaksanakeunna ngan saukur ngarékam paguneman. Ngan dina téhnik sadap, résponden henteu mikanyaho yén omonganna dirékam. Éta cara dipaké sangkan budak henteu geumpeur jeung henteu kabagi fokusna. Tujuan tina téhnik sadap nyaéta pikeun nyampurnakeun (ngalengkepan) data anu geus kajaring.

### 3.7. Tehnik Ngolah Data

Data nu geus dukumpulkeun ti lapangan, tuluy diolah ngaliwatan langkah-langkah ngolah data anu baris dipedar saperti kieu:

- a) data rékaman ditranskripsi;
- b) data kecap dikodeuan;
- c) ngadaptarkeun kecap nu dikawasa ku budak sacara alpabetis;
- d) tabulasi dumasar kana Kandaga Kecap Dasar (KKD) nu diujikeun, kodeu, frekuensi jeung perséntase.

$$\text{rumusna} = \frac{\sum \text{KK Nu dikawasa}}{\text{KK Instrumen}} \times 100\%$$

Keur nangtukeun tingkat kamampuh digunakeun skala 100% saperti ieu di handap.

- 91% -100% = istimewa
- 81% - 90% = hadé pisan
- 71% - 80% = hadé
- 61% - 70% = leuwih ti cukup
- 51% - 60% = cukup
- 41% - 50% = ampir cukup
- 31% - 40% = kurang
- 21% - 30% = kurang pisan
- 11% - 20% = goréng
- 1% - 10% = goréng pisan

(Rapor SD, 1998, hal. 1)

- e) nyusun papasingan jenis kandaga kecap dasar;
- f) ngabandingkeun jumlah kandaga kecap unggal budak TK;
- g) maluruh warna kecap, sora fonologis, undak usuk basa, jeung performasi basana;
- h) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data; jeung
- i) nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruhan.